



Fè Yo Tande w pou Anpeche CAUTI

Sante ak sekirite pitit ou a enpòtan pou nou. Ou ka fè yon diferans nan swen pitit ou a lè w poze kesyon epi patisipe aktivman.

Kisa CAUTI ye?

CAUTI se yon Enfeksyon Kannal Pipi ki Asosye ak Katetè. Enfeksyon sa a ka rive lè bakteri antre nan kanal pipi a atravè katetè a.

Kisa n ap fè pou ede anpeche CAUTI?

Ekip swen pitit ou a ap swiv yon pwosedi ak anpil swen lè y ap mete katetè a pou ede anpeche enfeksyon. Ekip swen li a ap tcheke epi netwaye sit katetè a souvan, sitou apre pou pou. Lè y ap verifye sit la, y ap tcheke pou asire ke sikilasyon an pa limite oswa bloke epi ke sak la pandye anba vesi pipi pitit ou a. Lè katetè a pa nesesè ankò, ekip swen pitit ou a ap retire li. Si yo egzeyate pitit ou a avèk yon katetè, ekip swen li a ap bay enstriksyon detaye ak demonstrasyon sou kijan pou pran swen sit la.

Kisa ou ka fè pou ede anpeche CAUTI?

- Lave men w anvan ak apre w fin manyen katetè a oswa kote katetè a ye a. Raple pitit ou a ak moun k ap pran swen l yo pou yo lave men yo souvan, sitou anvan yo pran swen katetè a.
- Fè ekip swen pitit ou a konnen si w remake nenpòt woujè, anflamasyon, oswa doulè nan kote katetè a ye a.
- Asire w ke sak katetè a rete anba vesi pipi pitit ou a, men pa atè a, pou ede pipi a koule soti nan vesi pipi pitit ou a ale nan sak la. Asire w ke pa gen okenn ne oswa pli nan tib la ki ta anpeche drenaj la.
- Asire w ke kote katetè a ye a rete pwòp. Mande ekip swen pitit ou a kijan ou ka ede netwaye espas la.
- Evite redi oswa rale tib katetè a pou li ka rete byen an plas.
- Mande ekip swen pitit ou a pou konbyen tan pitit ou a ap bezwen katetè a epi kilè yo ka retire li.

Fè ekip swen w lan konnen si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan katetè pitit ou a.